







Depistaj Prelèvman Tach San Nouvo-Ne

Kijan yo reyalize l?

1. Yo pike nouvo-ne a nan talon pou pran kèk gout san.
2. Yo kolekte echantiyon an sou yon kat prelèvman tach san.
3. Yo voye kat la nan laboratwa depistaj nouvo-ne a pou teste l.



-  Yo reyalize l ant 24-48 èdtan aprè nesans.
-  Li rapid epi senp.
-  Ka detekte plis pase 50 maladi jenetik ki mete lavi an danje.
-  Pèmèt doktè tibebe w la detekte l byen bonè pou kapab bay tretman osito sa posib.
-  Pwodwi echantiyon ki ka konsève pandan 3 zan.
-  Ka bay echantiyon pou tèss medikal alavni yo si tibebe ou an bezwen l.

Dirije kamera telefòn ou an nan kòd QR a pou jwenn aksè nan sit entènèt la:



K. Kilè w ap resevwa rezilta depistaj yo?

R. Mande founisè swen sante ou an enfòmasyon sou rezilta yo nan pwochen egzamen sante tibebe ou an.

K. E si tibebe m nan genyen yon depistaj san ki pa nòmal?

R. Yon rezilta ki pa nòmal pa toujou vle di tibebe ou an genyen yon pwoblèm sante. Kapab genyen anpil rezon ki fè yon rezilta pa nòmal epi w ap bezwen fè lòt tès ankò. Mande founisè swen sante ou an enfòmasyon sou pwochen etap yo.

K. E si tibebe m nan genyen yon depistaj san ki pa valid?

R. Pafwa tès yo p ap valid si pa te genyen ase san pou fè depistaj pou tout maladi yo, oswa si yo te pran echantiyon an twò bonè, oswa pou yon kantite lòt rezon. Si sa rive, yo dwe refè depistaj la. Rele etablisman akouchman kote ou te fè tibebe ou an oswa fanmsaj ou an epi mande pou fè yon dezyèm depistaj.

K. Èske m ka refize depistaj nouvo-ne a?

R. Indiana egzije depistaj nouvo-ne selon lalwa men yo otorize yon egzansyon pou rezon relijye. Si ou vle yon egzansyon sou baz kwayans relijye, pale ak founisè swen sante ou an.



Pwogram Genomics and Newborn
Screening
Depatman Sante Indiana
www.NBS.in.gov
telefòn 888.815.0006

Pwogram Deteksyon ak
Entèvansyon Bonè nan Zòrè
(EHDI) Depatman Sante Indiana
www.Hearing.in.gov
telefòn 317.232.0972



Plis enfòmasyon? Tanpri voye yon imel bay ISDHNBS@isdh.in.gov oswa vizite nou sou entènèt nan www.NBS.in.gov